

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Tujuan ieu panalungtikan téh nya éta pikeun ngadéskripsikeun ajén moral anu aya dina dongéng-dongéng dina majalah *Manglé*, nya éta dina *Manglé Alit* anu medal taun 2012, ti édisi bulan Januari nepi ka Désémber 2012. Éta dongéng-dongéng téh dianalisis ajén moralna dumasar kana struktur caritana, tuluy hasil analisisna dilarapkeun kana bahan pangajaran maca dongéng di SMP.

Tina hasil analisis panalungtikan, dihasilkeun sababaraha kacindekan, nya éta saperti di handap.

- 1) Dongéng-dongéng anu kainventarisir dina *Manglé Alit* anu medal taun 2012, aya 54 judul dongéng. Dumasar kana jenisna, éta dongéng-dongéng téh bisa digolongkeun jadi opat jenis dongéng, anu ngawengku dongéng fabél aya 19 dongéng (35,18%), dongéng farabél 15 dongéng (27,77%), dongéng sasakala 17 dongéng (31,48%), jeung carita paranabi/wali tilu dongéng (5,55%). Tina 54 dongéng, dipilih dongéng-dongéng anu sakirana luyu jeung kritéria anu geus dipedar dina watesan masalah panalungtikan. Éta dongéng-dongéng pilihan téh ngawengku lima dongéng fabél, lima dongéng farabél, lima dongéng sasakala, jeung dua carita paranabi/wali. Jadi, jumlah dongéng anu dianalisis téh aya 17 dongéng nu béda-béda jenisna. Dongéng anu dianalisis dina ieu panalungtikan téh, nya éta *Tukang Samangka jeung Baramaén*, *Tukang Batu*, *Sasakala Reungit Nyeuseup Getih*, *Ibnu Hajar*, *Bola Gondong*, *Marebutkeun Orok*, *Paménta Oray*, *Sasakala Désa Bunigeulis*, *Séro jeung Keuyeup*, *Hikmah*, *Sasakala Cabé Lada*, *Oray Salak jeung Daun Pulus*, *Kasedih Munding*, *Kuring Sakadang Peucang*, *Kuda*, *Uncal*, jeung *Maung*, *Cai Laut Asin*, jeung *Sasakala Lutung leuwih Saeutik batan Monyét*.
- 2) Struktur carita dongéng anu dianalisis téh ngawengku : 1) Tema, aya 14 téma anu kapanggih tina hasil analisis dongéng, nya éta téma sikap kumed bakal mawa mamala, kagambar dina dongéng *Tukang Samangka jeung Baramaén* sarta dongéng *Cai Laut Asin*, téma aral subaha jeung *kufur nikmat* moal bisa

ngaréngsékeun pasualan, kagambar dina dongéng *Tukang Batu* jeung *Sasakala Cabé Lada*, téma ngagugu teuing hawa napsu bakal mawa mamala, kagambar dina dongéng *Sasakala Reungit Nyeuseup Getih*, jeung dongéng *Kuda, Uncal, jeung Maung*, téma daék ihtiar jeung sabar bakal bisa ngahontal naon nu dicitacitakeun, kagambar dina dongéng *Ibnu Hajar*, téma sirik bakal mawa mamala goréng kagambar dina dongéng *Bola Gondong*, téma kawijaksanaan jeung kaadilan Nabi Sulaiman A.S., kagambar dina carita paranabi *Marebutkeun Orok*, téma kawijaksanaan jeung kaluhungan budi Nabi Nuh A.S., kagambar dina carita paranabi *Paménta Oray*, téma daék ihtiar jeung teu putus pangharepan pikeun ngahontal tujuan, kagambar dina dongéng *Sasakala Désa Bunigeulis*, téma kalakuan goréng pasti meunang wawalesna, kagambar dina dongéng *Séro jeung Keuyeup*, téma sabar jeung tawekal bakal mawa berkah kagambar dina dongéng *Hikmah*, téma nu asih dipulang sengit (kalakuan hadé dibales kagoréngan) kagambar dina dongéng *Oray Salak jeung Daun Pulus*, téma agul bakal mawa mamala kagambar dina dongéng *Kasedih Munding jeung Kuring Sakadang Peucang*, téma unggal kaputusan bakal aya risikona kagambar dina dongéng *Sasakala Lutung leuwih Saeutik batan Monyé;* 2) Palaku, anu ngalalakon dina éta dongéng-dongéng téh réréana manusa, katitén dina salapan dongéng tina 17 dongéng anu dianalisis, nya éta dongéng *Tukang Samangka jeung Baramaén, Tukang Batu, Sasakala Reungit Nyeuseup Getih, Ibnu Hajar, Bola Gondong, Marebutkeun Orok, Sasakala Désa Bunigeulis, Hikmah, jeung Cai Laut Asin*. Palaku séjén anu ngalalakon téh aya ogé bangsa sato, jumlahna aya lima dongéng, nya éta dongéng *Séro jeung Keuyeup, Oray Salak jeung Daun Pulus, Kuring Sakadang Peucang, Kuda, Uncal, jeung Maung, jeung Sasakala Lutung leuwih Saeutik batan Monyé*. Dongéng anu palakuna manusa jeung sato aya dua dongéng, nya éta dongéng *Kasedih Munding* jeung carita paranabi *Paménta Oray*. Dongéng anu palakuna manusa jeung tutuwuhan aya hiji dongéng, nya éta dongéng *Sasakala Cabé Lada*; 3) Amanat anu aya dina 17 dongéng anu dianalisis téh nya éta amanat kudu silih tulungan jeung ulah kumed atawa pedit, katitén dina dongéng *Tukang Samangka jeung Baramaén*, amanat ulah sirik kana milik batur jeung kudu

sukur sarta tumarima kana kaayaan diri, katitén dina dongéng *Tukang Batu, Bola Gondong*, jeung *Cai Laut Asin*, amanat ulah ngagugu teuing kana hawa napsu, katitén dina dongéng *Sasakala Reungit Nyeuseup Getih*, jeung dongéng *Kuda, Uncal, jeung Maung*, amanat kudu daék ihtiar jeung sabar tawekal, katitén dina dongéng *Ibnu Hajar*, amanat ulah sok ngabohong dina carita paranabi *Marebutkeun Orok*, amanat kudu wijaksana jeung adil dina mutuskeun hiji hal dina dongéng *Paménta Oray*, amanat kudu daék ihtiar jeung teu putus pangharepan dina dongéng *Sasakala Désa Bunigeulis*, amanat ulah sok telenges dina dongéng *Séro jeung Keuyeup*, amanat kudu sabar dina nyanghareupan pasualan, sabab sagala rupa hal nu tumiba ka diri pasti aya hikmahna, katitén dina dongéng *Hikmah*, amanat kudu sukur kana milik diri, katitén dina dongéng *Sasakala Cabé Lada*, amanat kudu nyaho dimulang tarima dina dongéng *Oray Salak jeung Daun Pulus*, amanat ulah mawa karep sorangan, katitén dina dongéng *Kasedih Munding*, amanat ulah agul, dina dongéng *Kuring Sakadang Peucang*, jeung amanat ulah gagabah dina dongéng *Sasakala Lutung leuwih Saeutik batan Monyét*.

- 3) Ajén moral anu kapanggih téh aya 15 ajén, nya éta béréhan, sabar jeung daék ihtiar, tawekal, silih tulung ka sasama, wijaksana jeung adil, jujur, nyaah ka papada mahluk, satia, ulah kumed, ulah *kufur nikmat*, ulah ngagugu teuing napsu, ulah sirik, ulah telenges, ulah agul tur mawa karep sorangan, jeung ulah gagabah. Dumasar kana indikatorna, kaguar yén sakabéh ajén moral nu kapanggih téh ngandung unsur moral nu hadé, sabab dina hakékatna mah, ajén-ajén moral téh nungtun kana bebeneran atawa kahadéan. Najan kitu, dina kanyataanana mah, balukar tina pangaruh lingkungan, kasadaran ngawujudkeun éta ajén-ajén moral téh kurang, antukna loba sikep moral goréng nu dilakukeun. Lian ti kaasup moral nu hadé, tina 15 ajén moral nu kapanggih téh, aya tujuh ajén moral diantarana anu ngandung unsur moral goréng, nya éta ulah kumed, moral goréngna nya éta kumed, ulah *kufur nikmat*, moral goréngna nya éta *kufur nikmat*, ulah ngagugu teuing napsu, moral goréngna ngagugu napsu, ulah sirik, moral goréngna sirik, ulah telenges, moral goréngna telenges, ulah agul tur mawa karep sorangan, moral goréngna agul

tur mawa karep sorangan, jeung ulah gagabah, moral goréngna gagabah. Dumasar kana nuduhkeun hubunganana, kaguar yén ajén moral anu nuduhkeun hubungan sacara vertikal atawa hubungan langsung jeung Gusti Pangéran téh aya dua ajén, nya éta *kufur nikmat* jeung tawekal. Sedengkeun anu nuduhkeun hubungan sacara horizontal atawa hubungan jeung papada mahluk mah aya 13, nya éta béréhan, sabar jeung daék ihtiar, silih tulung ka sasama, wijaksana jeung adil, jujur, nyaah ka papada mahluk, satia, ulah kumed, ulah ngagugu kana hawa napsu, ulah sirik, ulah telenges, ulah agul tur mawa karep sorangan, jeung ulah gagabah. Lian ti éta, kapanggih ogé ngeunaan dongéng-dongéng anu eusina ngandung atawa miboga opat ciri ajén moral nu utama nurutkeun Bertens. Éta opat ciri ajén moral téh nya éta tanggung jawab, ati nurani, kawajiban, jeung sipatna formal. Aya tilu dongéng anu kaasup kana ciri ajén moral tanggung jawab, nya éta carita paranabi *Marebutkeun Orok*, dongéng *Séro jeung Keuyeup*, sarta dongéng *Sasakala Lutung leuwih saeutik batan Monyét*. Tuluy, aya 7 dongéng anu kaasup ciri ajén moral ati nurani, nya éta dongéng *Ibnu Hajar*, *Sasakala Désa Bunigeulis*, *Hukmah*, *Oray Salak jeung Daun Pulus*, *Kasedih Munding*, *Kuda*, *Uncal*, jeung *Maung*, jeung *Cai Laut Asin*. Aya tilu dongéng anu kaasup ciri ajén moral kawajiban, nya éta carita paranabi *Marebutkeun Orok*, *Paménta Oray*, dongéng *Sasakala Lutung leuwih Saeutik batan Monyét*. Sarta aya dalapan dongéng nu kaasup kana ciri ajén moral nu sipatna formal, nya éta dongéng *Tukang Samangka jeung Baramaén*, *Tukang Batu*, *Sasakala Reungit Nyeuseup Getih*, *Ibnu Hajar*, carita paranabi *Marebutkeun Orok*, *Paménta Oray*, dongéng *Hikmah*, jeung *Sasakala Cabé Lada*.

- 4) Dongéng-dongéng pilihan anu geus ditangtukeun téh, dianalisis deui dumasar kana kritéria milih bahan ajar. Tina 17 dongéng anu dianalisis téh, aya 15 dongéng anu luyu dijadikeun bahan ajar, tur aya dua dongéng anu teu luyu dijadikeun bahan ajar maca dongéng di SMP. Hal ieu nyoko kana kritéria anu geus ditangtukeun. Dongéng-dongéng anu luyu dijadikeun bahan ajar téh, nya éta: 1) *Tukang Samangka jeung Baramaén*; 2) *Tukang Batu*; 3) *Ibnu Hajar*; 4) *Bola Gondong*; 5) *Marebutkeun Orok*; 6) *Paménta Oray*; 7) *Sasakala Désa*

Bunigeulis; 8) Hikmah; 9) Sasakala Cabé Lada; 10) Oray Salak jeung Daun Pulus; 11) Kasedih Munding; 12) Kuring Sakadang Peucang; 13) Kuda, Uncal, jeung Maung; 14) Cai Laut Asin; jeung 15) Sasakala Lutung leuwih Saeutik batan Monyét. Dongéng nu teu luyu dijadikeun bahan ajar nya éta Sasakala Reungit Nyeuseup Getih jeung dongéng Séro jeung Keuyeup.

5.2 Rékomendasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, aya sababaraha saran anu ditepikeun pikeun kamekaran panalungtikan ka hareupna, nya éta saperti ieu di handap.

1) Pikeun Guru Basa Sunda

Nilik kana kaayaan kiwari, balukar tina kamekaran jaman jeung gaya hirup anu geus kapangaruhan ku budaya luar, teu saeutik di antara parasiswa anu boga sawangan yén diajar dongéng téh teu penting. Faktor séjén anu ngabalukarkeun hal ieu téh, nya éta penyebaran dongéng éta sorangan geus jarang, hésé ditéangan. Pikeun narékahan hal éta, paraguru kudu leuwih rancagé deui dina milih bahan pangajaran anu sakirana babari ditéangan, boh ku parasiswa, boh ku guru éta sorangan. Salah sahijina nya éta nu aya dina majalah, anu sumebar di masarakat umum. Ku kituna, ku ayana panalungtikan ngeunaan analisis ajén moral dina dongéng-dongéng majalah *Manglé Alit* ieu, bisa dijadikeun salah sahiji alternatif pikeun ngeuyeuban pilihan bahan ajar pangajaran dongéng di sakola.

2) Pikeun Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah

Ieu panalungtikan medar ngeunaan ajén moral dina struktur carita dongéng *Manglé Alit* taun 2012. Tangtu garapan dina ieu panalungtikan téh masih kawilang heureut kénéh. Ku kituna, perlu diayakeun deui panalungtikan séjén anu leuwih jero jeung lega garapanana. Henteu ngan saukur medar ngeunaan ajén moralna wungkul, tapi ngawengku ajén-inajén séjén atawa ulikan sémiotik anu nyangkaruk dina éta dongéng. Lian ti éta, saméméh ngayakeun panalungtikan, leuwih hadé kudu maham heula kana tiori-tiori anu patali jeung éta panalungtikan, sangkan dina medar jeung nganalisis data na ogé, bisa leuwih jero jeung bener tatapakanana.

Emah Rohimah, 2013

Ajén Moral Dina Struktur Carita Dongéng Manglé Alit Anu Medal Taun 2012 Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu